



Pou Piblikasyon Imedya: 03/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEPLWAYE RESOUS ETA POU ALE NAN REJYON YO  
PEVWA K AP PI FRAPE YO AVAN TANPÈT NÈJ LA ATERI**

***Yo Prewwa Zòn Vil New York ak Rejyon Mid-Hudson lan pral Resevwa ant 4 a 8  
Pous Nèj; Long Island pral Resevwa ant 4 a 7 Pous Nèj***

***Avètisman Tanpèt Ivènal pou Konte Orange, Putnam, Rockland, Westchester,  
Bronx, New York, Queens, Richmond, Nassau and Suffolk ap Antre Anvigè a 1:00  
p.m. rive jiska 4 Mas a 7:00 a.m.***

***L ap Ankouraje Nouyòkè yo pou yo Pran Anpil Prekosyon Pandan y ap Vwayaje  
Paske Tanpèt la pral Afekte Trajè Lendi Maten an***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse deplwaman resous eta pou ale nan rejyon kote yo prevwa k ap pi frape nan eta a alavans yon tanpèt nèj repandi ki gen potansyèl pou l pote anpil nèj k ap tonbe ant nan dimanch swa rive bonè nan Lendi maten. Yo prevwa sistèm lan pral pwodwi ant 4 a 8 pous nèj pou zòn Vil New York ak rejyon Mid-Hudson lan, epi ant 4 a 7 pous nèj nan Long Island. Sistèm sa a ka kreye kondisyon danjre pou moun kondi pandan trajè Lendi maten an epi Nouyòkè yo dwe pran prekosyon pandan y ap vwayaje.

“Move tan ekstrèm vin tounen yon nouvèl nòm, epi nou gen yon lòt evènman tanpèt nèj yo prevwa k ap frape pifò rejyon nan eta aswè a. Mwen ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare yo pou kondisyon move tan sa a k ap potansyèlman danjre pou moun vwayaje”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou te aprann apati eksperyans nou te viv yo ke li pi bon pou nou twò prepare nan sitiyoasyon sa yo - si w pa prepare w depi avan tanpèt la rive, l ap gentan twò ta. Se poutèt sa a nou te redeplwaye resous k ap soti nan lòt rejyon eta a yo pou ale nan rejyon kote yo prevwa ap gen plis nèj tonbe yo, epi ajans eta nou an yo prè pou ede minisipalite yo avèk kèlkeswa sa yo bezwen pandan tanpèt sa a ap kontinye frape rejyon yo.”

Presipitasyon pral kòmanse depi aprèmidi a epi gen chans pou nèj tonbe toupatou atravè eta a. Presipitasyon pral vanse anndan eta a sou fòm lapli lejè nan rejyon sid eta a. Apati fen aprèmidi a, nèj pral kòmanse tonbe lejèman, kote l ap chanje vin konplètman nèj sèlman apati 6 p.m. aswè a epi l ap kontinye tonbe pandan lannwit lan rive bonè nan maten. Pandan lajounen an akimilasyon nèj yo pral jeneralman mwens pase yon pous. Ap gen plis akimilasyon nèj nan zòn Vil New York ak Rejyon Mid-Hudson lan, kote ap gen ant 4 a 8 pous akimilasyon nèj posib, epi ant 4 a 7 pous akimilasyon nèj k ap posib nan Long Island. Anplis de sa a, yo te pibliye yon Avètisman Tanpèt Ivènal (Winter Storm Warning) ki ap anvigè apati 1:00 p.m. rive jiska 4 Mas a 7:00 a.m. pou Konte Orange, Putnam, Rockland, Westchester, Bronx, New York, Queens, Richmond, Nassau ak Suffolk.

Yo prevwa ant 1 a 3 pous akimilasyon nèj nan Rejyon Finger Lakes, North Country, New York Santral, Mohawk Valley, yo prevwa ant 2 a 4 pous nèj posib nan Rejyon Kapital la, epi ant 3 a 5 pous nèj ap posib nan Rejyon Southern Tier la. Yo prevwa mwens pase yon pous akimilasyon nèj k ap posib nan Rejyon Lwès New York la.

Nouyòkè yo dwe kontinye prete anpil atansyon a rapò sou kondisyon meteyo lokal yo pandan tout wikenn lan. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service).

## **Preparasyon Ajans**

### Depatman Transpò

Depatman Transpò a (Department of Transportation, DOT) prè pou yo reponn avèk plis pase 3,900 operatè ak sipèvizè yo genyen toupatou atavè eta a. Aktyèlman la, Depatman an genyen 1,599 gwo kamyon chasnèj, 186 chasnèj a izaj mwayen, 51 chasnèj ak remòk, 324 gwo chajè, ak 39 soufle. Kamyon derezè yo pral konplètman angaje nan Rejyon Kapital, Mid-Hudson, Southern Tier, ak Long Island. Yo pral evalye bezwen itilizasyon kamyon derezè yo nan rejyon ki mwens afekte yo pandan tout dire evènman tanpèt la, epi angaje yo jan sa nesesè.

Anplis de sa, pou sipòte aktivite netwayaj nèj ak vèglas nan zòn enpòtan yo, yo pral deplwaye uit gwo kamyon chasnèj, 70 operatè kamyon chasnèj, 12 sipèvizè, yon espesyalis sipò ICS ak yon mekanisyen nan fason ki annapre a:

- Rejyon Kapital la pral resevwa kat gwo kamyon chasnèj, uit operatè chasnèj, ak de sipèvizè k ap soti nan Rejyon North Country.
- Rejyon Mid-Hudson lan pral resevwa sis operatè chasnèj ak yon sipèvizè k ap soti nan rejyon Mohawk Valley, dis operatè chasnèj ak yon sipèvizè k ap soti nan Rejyon New York Santral, senk operatè chasnèj ak yon sipèvizè k ap soti nan Rejyon Finger Lakes, sèt operatè chasnèj ak yon sipèvizè k ap soti nan Rejyon Lwès New York, kat kamyon ak operatè chasnèj plis yon sipèvizè k ap soti nan Rejyon Southern Tier, ak yon espesyalis sipò ICS k ap soti nan Rejyon Kapital.
- Long Island pral resevwa 10 operatè chasnèj ak de sipèvizè k ap soti nan Rejyon Finger Lakes, epi 20 operatè chasnèj ak de sipèvizè k ap soti nan Rejyon Lwès New York.
- Long Island pral resevwa tou yon mekanisyen k ap soti nan Rejyon Southern Tier.

Anplis de sa, pou ede redui blokaj anbak glas yo, yo pral deplwaye 14 ekskavatis ki gen pèl long pou ede retire glas ki akimile nan zòn yo idantifye yo. Yo pral enstale douz kamyon remòk lou sou otowout I-84 la ant Konte Orange ak Konte Putnam, ansanm ak nan Meadowbrook State Parkway ak I-495 nan Long Island.

### Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 671 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 247 gwo chas nèj, 126 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 57 chajè toupatou atavè eta a ak plis pase 111,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Anplis de sa, Otorite

Thruway a te redeplwaye 10 gwo kamyon chasnèj adisyonèl ak operatè pou ale nan mid- ak lower Hudson Valley kote yo prevwa tanpèt sa a ap gen yon pi gwo enpak. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway la ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou telechaje gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou nan imèl TRANSalert, sa ki bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou otowout Thruway lan, gras a lyen sa a: [www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml](http://www.thruway.ny.gov/tas/index.shtml). Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka swiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite [www.thruway.ny.gov](http://www.thruway.ny.gov) pou yo wè yon kat anime k ap montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York la yo.

Li enpòtan pou chofè sou tout wout konnen chas-nèj woule nan vitès jiska 56 kilomèt pa èdtan — sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki endike a — pou yo ka asire sèl yo simen an rete nan vwa otomobil yo epi pa dispèse andeyò wout la. Kote ki pi pa gen danje pou chofè yo se dèyè chas-nèj yo kote wout la klè ak sale.

#### Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta a prè pou yo deplwaye Ajan Patwouy adisyonèl jan sa nesèsè nan zòn ki afekte yo. Tout veyikil Lapolis Eta a ki espesyalize yo tankou veyikil kat-pa-kat, motonèj, ak veyikil itilite yo (UTV) deja an pozisyon epi yo prè pou yo reponn imedyatman.

#### Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisyè Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejyonal yo an eta dalèt epi yo ap siveye sitiyo ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn kote li pwobab pou tanpèt la afekte a yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo, ak veyikil sèvis piblik yo, prè pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

#### Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Depatman Sèvis Piblik lan an kontak ak chèf egzekitif prensipal sèvis piblik yo pou asire ke sèvis piblik yo prepare pou move tan, epi li pral siveye de prè efò sèvis piblik ki ap fèt pou prepare tanpèt yo pou asire ke sèvis piblik yo pare pou minimize entèripsyon yo epi akselere retablisman kouran yo. Sèvis piblik elektrik ak gaz, menm jan tou ak founisè sèvis telekominikasyon, tankou Verizon, pare pou mete pèsònèl adisyonèl pou minimize enteripsyon sèvis, si yo rive.

Konpayi sèvis piblik New York yo gen prèske 5,000 travayè ki disponib pou ede nan efò retablisman kouran yo, ki gen ladan ekip ekstèn pou travay nan kab ak pye bwa yo ke yo te rele jis pou ede nan evènman sa a, ke y ap deplwaye voye nan zòn ki pi afekte yo. Konpayi sèvis piblik yo sou alèt epi y ap siveye depre pandan tanpèt la ap devlope, epi yo pral deplwaye ekip retablisman yo kote yo bezwen yo. Pèsònèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Sèvis Piblik pare pou reponn 24 sou 24 lè gen pa-n kouran e yo egzije yo pou mete sou pye yon plan repons ijans, lè sa nesèsè, sa ki gen ladan kontakte kliyan ki sou ekipman sipò lavi ak lòt kliyan frajil.

#### Otorite Transpò Metwopolitèn (Metropolitan Transportation Authority, MTA)

Ajans MTA yo - NYC Transit, Long Island Rail Road, Metro-North Railroad ak Pon ak Tinèl MTA yo (MTA Bridges and Tunnels) - ap prepare yo pou plis nèt tonbe nan rejyon yo bay sèvis yo ant 9 p.m. ak 4 a.m.

Chak ajans MTA yo ap siveye kondisyon meteyo yo epi y ap prepare pèsònèl ak ekipman pou konbat kondisyon yo jan sa nesèsè, ki gen ladan mete ekipman pou konbat nèt ak vèglas yo disponib tankou mete tren dejivrè yo prè pou fonksyone. Yo gendwa kanpe travay nan kèk pwòjè antretyen, reparasyon ak konstriksyon bonè nan dimanch swa pou akomode efò preparasyon ak repons a tanpèt la yo. Yo ap simen sèl ak sab sou platfòm yo, eskalye yo ak lòt zòn nan estasyon yo epi yo pral resimen sèl sou yo jan sa nesèsè, epi yo pral aktive chofaj egiyaj yo sou ray subway ak tren banlye yo. Y ap raple kliyan yo pou yo planifye plis tan lè y ap vwayaje epi pou yo pran prekosyon lè y ap mache sou platfòm yo, pasrèl yo, epi pou yo toujou kenbe ba dapwi yo lè y ap mache sou eskalye yo.

Pou bis NYC Transit ak MTA yo, y ap mete chenn nan kawoutchou tout bis lokal ki mezire 40 pye nan longè yo pou sèvis nan maten yo epi y ap kite toule 26 kasyon pou konbat nèt yo an sèvis jiskaske yo pa bezwen yo ankò.

Pou yo jwenn dènye mizajou yo chak minit, kliyan yo dwe vizite sitwèb MTA sou [new.mta.info](http://new.mta.info), itilize aplikasyon MYmta sou telefòn entèlijan yo, ak/sowa enskri pou yo resevwa alèt sou <https://protect2.fireeye.com/url?k=9fd4e429-c3f2dc17-9fd61d1c-000babda0031-3afe13510fcf4c51&u=http://www.mymtaalerts.com/>.

Port Authority New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey)  
Port Authority a te fè anpil preparasyon apwofondi pou pèsònèl ak ekipman ki nan tout etablisman li yo, ki gen ladan ayewopò yo tou. Yo pral aktive Sant Operasyon Ijans Prensipal la (Emergency Operations Center, EOC) nan Vil Jersey, ki sipèvizè tout etablisman Port Authority a yo ansanm ak EOC respektif yo pandan tout dire tanpèt la soti nan lasware rive nan maten. Ajans lan pral kontinye siveye kondisyon yo toupatou atravè rejyon an epi y ap prete yon atansyon espesyal ak kondisyon potansyèl pou vèglas ak van yo. Kèk konpayi ayeryèn gendwa anile vòl yo nan Ayewopò Entènasyonal LaGuardia ak John F. Kennedy yo, epi yo ankouraje tout pasaje pou yo kontakte konpayi transpò yo pou yo verifye estati vwayaj yo epi konsakre plis tan pou vwayaj yo.

Aktyèlman la, nou gen plis pase 500 pyès ekipman pou konbat nèt nan ayewopò nou yo ki prè pou jere kèlkeswa sa ki ta ka rive nan jou k ap vini yo, pami yo aparèy ki ka fonn jiska 500 tòn nèt nan inèdtan, ak chasnèt ki ka netwaye nèt nan yon vitès 64 kilomèt alè.

Nan pon yo, tinèl yo, ak nan estasyon otobis yo, Port Authority ap ankouraje moun k ap vwayaje yo pou yo kontakte konpayi transpò yo a avan y ale nan estasyon otobis Manhattan yo paske anpil konpayi transpò piblik ak prive ka anile oswa retade sèvis yo si kondisyon yo mande sa. Yo pral trete tout sifas wout ki sou kat pon ajans lan yo dezèdtan avan premye presipitasyon an kòmanse. Ajans lan gendwa enpoze

restriksyon sou vitès ak lòt restriksyon ankò sou pon ak tinèl yo an fonksyon kondisyon metewolojik yo. Aktyèlman la, nou gen plis pase 90 pyès ekipman pou konbat nèj sou pon yo ak nan tinèl yo.

### **Vwayaje ansekirite**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè w ap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt pa èdtan, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwozè ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

###

Lòt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)